



FÒMASYON SOU COVID-19

Yo dwe bay tout fòmasyon yo nan lang natif natal travayè yo. (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) Centers for Disease Control and Prevention gen gid ak siy ki disponib nan plizyè lang.

Definition of COVID-19; How it Spreads; Symptoms

1. Entwodwi sijè a

Di: Jodia nou pral pale sou nouvo coronavirus, yo rele tou COVID-19, kijan li pwopaje, sentòm, kijan pou w rete an sekirite, ak kijan nou pral kenbe w an sekirite nan travay ou.

2. Discuss how the virus spreads

Di: COVID-19 se yon viris ki prensipalman afekte poumon yo epi li pwopaje soti nan yon moun ale nan yon lòt. Lè yon moun ki gen viris la respire, pale, touse, oswa estène, moun ki toupre (nan distans 6 pye oswa 2 mè) ka respire ti gout ki enfekte avèk viris la.

Ti gout yo kapab ateri tou sou sifas tankou tab, manch, oswa zouti. Si w manyen yon sifas epi ou manyen bouch, nen, oswa je w avan ou lave men w, viris la ka antre nan kò w

3. Diskite sou sentòm viris la

Di: COVID-19 ka sanble avèk grip la. Sentòm ki pi komen nan viris la se lafyè, tous, ak/oswa souf kout/difikilte pou respire, fatig, kò fè mal, mal tèt, sansasyon pèdi gou bouch, oswa sant, mal gòj, kè plen oswa vomisman ak dyare.

Di: Sentòm yo ka parèt nan 2-14 jou apre ou te pwòch yon moun ki gen viris la oswa manyen yon sifas ki te gen viris la sou li epi ou manyen figi w san w pa lave men w. Gen kèk moun ki gen dwa pa janm gen sentòm.

Di: Si w gen nenpòt nan sentòm sa yo oswa si w bò kote yon moun ki malad:

- Rele founisè swen sante w premyèman pou enstriksyon, avan ou ale nan klinik, biwo doktè, oswa lopital. Rele sèvis ijans (9-1-1) si w gen difikilte pou w respire. Konsidere bay nimewo sant sante yo oswa pataje lyen sa a kòm yon resous: <https://health.maryland.gov/mdpcp/Pages/Coronavirus.aspx>
- Pa vini nan travay. Si w kòmanse santi sentòm pandan w ap travay, fè sipèvizè w konnen touswit.
- Izole tèt ou ak lòt moun valè w kapab.
- Netwaye ak dezenfekte tout sifas nan dètwa w, nan zòn w ap viv ak/oswa lakay ou.

4. Revizyon

Mande: Kounye a pou w revize, èske ou ka nonmen kèk fason kijan viris la pwopaje? Rete tann repons yo.

Repons posib:

- Lè yon moun ki gen viris la: respire, pale, touse, estène
- Lè ti gout yo ateri nan yon sifas epi mwen touche sifas la epi mwen manyen figi m san mwen pa lave men mwen.

Mande: Kisa pou w fè si w gen sentòm? Rete tann repons yo.

Repons posib:

- Rele founisè swen sante w, pa vini travay, izole tèt ou, netwaye epi dezenfekte

Di: Syantis yo ap aprann plis chak jou sou kijan COVID-19 la pwopaje, nou pral mete w ajou.

Prevansyon Jeneral; Prevansyon nan Travay

1. Entwodwi sijè a

Di: Kounyea nou pral pale sou kijan pou nou anpeche COVID-19 la ak kijan nou pral redwi risk ou nan travay, ak redwi risk pou fanmi, zanmi, ak ko-travayè yo.

2. Diskite sou metòd prevansyon pèsònèl yo

Di: Pi bon fason pou anpeche w malad se pou w evite ekspozè ak viris la.

Men kèk fason ou ka rete an sekirite:

- Lave men w souvan avèk savon ak dlo pou 20 segonn (oswa tan li pran pou w chante "Bone Fète" oswa "Las mañanitas" de fwaj). Lave nan mitan dwèt yo ak sou do men w. Savon ak dlo pi bon, men si w pa genyen, itilize dezenfektan epi fwote men w jiskaske yo sèch.
- Evite manyen je, nen, ak bouch ou.
- Evite kontak sere. Rete nan distans 6 pye/2 mè lwen lòt moun nan lè li posib: Sa gen ladann zòn kadna, zòn yo pran repo, zòn twalèt, zòn kote yo klase/mete nan bwat oswa mete nan palèt.

FÒMASYON SOU COVID-19

- Kouvri bouch ou avèk yon sèvyèt papye lè w ap touse oswa estène, epi jete papye a touswit epi lave men w. Oswa touse oswa estène nan mitan koud bra w epi lave men w touswit.
- Mete yon mask twal pou w kouvri figi w lè w nan piblik oswa lè w nan kontak avèk lòt moun pou ede w pwoteje moun ki bò kote w. Si w gen yon mask twal, lave l chak jou. Mask twal la diminye risk la, men li pa yon ranplasan pou distans fizik la.
- Si w ap itilize yon kouvèti figi/mask ki jetab, jete l apre ou fin itilize l oswa lè l mouye oswa sal. Lave men w touswit.
- Netwaye epi dezenfekte sifas yo manyen souvan yo

Mande: Ki fason ou ka pwoteje tèt ou? Rete tann repons yo.

Repons Posib:

- Lave men w souvan
- Evite kontak sere, rete nan distans 6 pye lwen chak moun
- Kouvri bouch ak nen w avèk yon mouchwa lè w bò kote lòt moun
- Kouvri bouch ou lè w ap touse ak estène
- Netwaye epi dezenfekte sifas yo

Di: Ou dwe swiv etap sa yo nan dòtwa w, kote w ap viv oswa lakay ou ak nan travay. Sonje gen kèk moun ki enfekte avèk viris la ki pa gen sentòm.

3. Diskite sou metòd prevansyon nan travay

Di: Nan travay nou, nou apresye travay ou ak sante w e nou pral ede w evite ekspozisyon viris la nan:

- Tcheke pou w wè si w gen sentòm lè w rive nan travay ak pandan jounen an. Si w gen nenpòt sentòm, fè sipèvizè w konnen touswit.
- Netwaye ak dezenfekte sifas yo manyen anpil, tankou zouti yo pataje, robinè dlo, manch twalèt, ak estasyon pou lave men (tankou veso dlo, volan, zouti yo pataje, estasyon travay yo pataje, manch pòt, senti sekirite, andedan twalèt)
- Ajiste pratik travay ou valè w kapab pou pèmèt pou 6 pye/2 mètr espas ant travayè yo. Konsidere itilize yon mezi tep pou w montre yon distans 6-pye distans epi bay egzanp pratik distans fizik, tankou redwi gwosè ekipaj ou, dekalaj nan tan repo, ranje altène.
- Founi dlo pwòp ak savon pou ede w lave men w lrive nan travay, avan w kite travay, avan aka pre ou itilize twalèt, avan ak apre ou pran repo pou w manje, ak nenpòt lè ou gen kontak sere oswa pataje zouti avèk lòt moun. Konsidere pwente sou nouvo estasyon pou lave men yo.
- Bay travayè kan ak dòtwa yo ase ajan netwayaj ak dezentektan ki apwopriye pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la.
- Ankouraje w kenbe espas 6 pye a ant youn ak lòt pandan repo travay yo epi evite kontak tankou bay lamèn oswa akolad.

Mande: Kisa w panse ki ka anpeche w fè sa, e kijan nou ka rezoud yo? Rete tann repons yo. Prepare w pou w diskite sou nouvo lide sekirite travayè yo sijere pou travay la.

Di: Si w nan travay epi ou devlope sentòm:

- Fè sipèvizè w konnen sa touswit.
- Ou p ap nan pwoblèm si w malad, men nou dwe voye w nan dòtwa w, zòn kote w rete oswa lakay ou paske rete toupre ko-travayè yo ka fè yo malad.
- Si gen yon ijans, nou pral kontakte sèvis medikal pou nou fè aranjman transpòtasyon pou ou.
- Ou ka kalifye pou benefis atravè (Lwa Repons Coronavirus Fanmi yo Avan) Families First Coronavirus Response Act (FFCRA) oswa lòt benefis konje ak chomaj yo. Revize resous sou konje maladi peye anplwayè a ak lòt benefis ki disponib pou jou travay ou pèdi akòz maladi oswa karantèn. DOL mande pou anplwayè yo afiche avi sou dwa anplwaye yo an rapò ak FFCRA nan travay la. Fè anplwaye yo konnen ki kote ou ka jwenn avi a. Lòt resous pou w revize: <https://www.dllr.state.md.us/>

Di: Èske pa gen okenn kesyon?

Mande: Èske ou gen lojman pou travayè, twalèt oswa zòn dòtwa nan fèm ou an? Rete tann repons yo. Prepare w pou w diskite sou rekòmandasyon ak pi bon pratik pou lide sekirite pou lojman travayè yo.

Di: Èske w gen enkyetid pou travayè w yo paka kenbe distans sosyal oswa gen aksè nan pratik ijyèn ak sanitasyon amelyore akòz lojman ki disponib kounye a?

- Gen pwotokòl ki sou plas pou anpeche anplwaye yo rasanble nan antre, twalèt, kote yo benyen, oswa zòn kote yo manje andedan an.
- Yo afiche sij nan kay yo ak zòn kote yo benyen yo pou fè anplwaye yo sonje kenbe minimòm sis pye distans la ak youn lòt, jan li pratikab.
- Tout lavabo yo gen savon, ak papye, oswa yon aparèy pou seche men ki apwouve. Y ap founi dlo cho ak dlo frèt si li preferab. Yo bay poubèl kòm sadwa

Di: Èske pa gen okenn kesyon? Èske nou tout gen telefòn oswa yon fason pou yon resewwa apèl oswa imèl?

Di: Si w malad ak/oswa tès ou pozitif pou COVID-19 la, ou dwe bay enfòmasyon kontak ou (non konplè w ak nimewo telefòn ou) pou founisè swen sante kapab fè swivi avèk ou sou kijan w santi w ak pou ba ou apwobasyon pou w retounen travay?

- Travay yo dwe kenbe yon lis non anplwaye yo ak nimewo telefòn ki aksesib.
- Objektif enfòmasyon sa a esansyèl pou founisè swen sante yo fè swivi, kontwole kontra ak apwobasyon pou retounen travay.
- Gen pwotokòl ki sou plas pandan maladi, karantèn oswa izolasyon ki pou pèmèt founisè swen sante yo kontwole travayè yo oswa kontak sere travayè yo

Di: Èske pa gen okenn kesyon? Èske nou tout gen telefòn oswa yon fason pou yon resewwa apèl oswa imèl?

FÒMASYON SOU COVID-19

Resous Siplemanchè

Eta NC

<https://covid19.ces.ncsu.edu/2020/03/covid-19-resources-for-farmers-and-farmworkers-migrant-seasonal-and-h2a/>

CIELO

<https://mycielo.org/covid-19-videos-in-indigenous-languages/>

CDC

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

<https://espanol.cdc.gov/enes/coronavirus/2019-ncov/index.html>

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/guidance-agricultural-workers.html>

Resous pou Plizyè Langaj CDC

https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/communication-toolkit.html?deliveryName=USCDC_2067-DM30162

Evalyasyon Anplwayè Agrikòl ak Fèy Kontwòl CDC

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/pdf/Agricultural-Employer-checklist.pdf>

Inivèsite Cornell

<https://smallfarms.cornell.edu/resources/farm-resilience/>

Dept Sante ak Sèvis Imèn North Carolina

<https://covid19.ncdhhs.gov/information/business/workers-farms-and-meat-plants>

